АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№40
(9928)

РУЗМАН

2 октябрь
2020 сон

15 САФАР 1442 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ИШАЛ

# МагIаруллъи намусаб масъала

**26 абилеб сентябралъ ГьоцIалъ ГЭСалъул хIорил рагIал рищни-къулалдаса бацIцIунеб кIудияб гвай букIана. Гьаб тIоцебесеб нух гуро бугеб нилъер ва Хунзахъ районазул нухмалъулезул гIахьаллъигун гьеб хIаракатчилъи гьабулаго. Исанасеб субботник лъазабиялъулъ бутIа лъун буго ДРялъул рацIцIалъи, тIабигIияб бечелъи цIунулеб министерствоялъги (Министерство Природных ресурсов и Экологии).**



Бищунго чороклъи гIемераб, гIадамазул берзукье кколеб бакIалдаса гьеб къоялъ бакIарун нахъе баччана щуго камаз рищниялъул.

Ихдалил моцIазго тIобитIизе хIисабалде босун букIараб гьеб субботник сентябрь моцIалде бахъине ккана дунялалдаго лъазабураб пандемиялъ ккезарурал хиса-басиял сабаблъун.

АваргIурул мухъда гIумру гьабун ругелщинал магIарулал намусаб хIал лъугьуна гьениб мех-мехалъниги бацIцIад гьабичIони. ТIасан малъи гьечIониги, нилъер районалъул нухмалъулез жидерго хIаракаталдалъун цересел соназги чанцIулго кIудияб хIалтIи гьабуна гьениб. Нилъер ва Хунзахъ районазул хIаракатчагIазда цадахъ хIорил рагIал бацIцIад гьабиялъулъ исана гIахьаллъана МЧСалъул вакилзаби.

ХIакъикъаталдаги, кIудияб масъалалъун лъугьун буго халкъалъе пайда ва берцинлъи кьолеб ГЭСалде лъим бачIунеб сверухълъи. Щибаб лъарал кIкIалахъ, гIисинал гIурумухъазда бугеб чороклъи бацIцIинабизе хIалкIолеб гьечIо киналгIаги идарабазул. Гьеб буго жалго гIадамазул имангун яхI гьечIолъи. Мисалалъе, Хунзахъ районалъул ракьалда ГЭС бугониги АваргIурул мухъда гьезул буго цохIого-цо ЗагIиб росу. Нилъер росабалъанин абуни киналго лъадал мухъал кIудияб гIурулъе чваххулелъул. ГIурумухъда ругел Гъуниб районалъул росабазул гIадамазги рацIцIалъи цIунулеб гьечIолъиялъул хIужжаби камун гьечIо.

Узухъда, гьеб гуро цохIо нилъер ракьалдасан бачIун гьоцIдерил хIорихъ дандельараб чороклъи, гьеб буго АваргIор байбихьулеб тIарадасаго бачIунеб. Амма загьирлъулеб гьечIо нилъедаса эхедехун ругел районазда гIадамал жалго лъикIал рахъун гьеб масъалаялда данде къеркьеялъул хIужжа. Шагьаралде нахъе хьвадулелъул гьезда бихьуларогойищ бугеб тIабигIаталъул гьайбатлъи, нигIматлъун нилъее Аллагьас кьураб гIор хIакъираб хIалалде ккун бугеб куц.

Цо чанго соналъ цебе нилъер райцентралъул гIурулмухъги букIунаан ракI гъанцIараб хIалалъ рощнол гохIаз гIурулханал рихьуларого. Гьеб бацIцIад гьабиялда, мусор базе хасал полигонал чIезариялда хадуб цIикIкIараб халкколеб буго районалъул нухмалъулез.

КигIанго лъавукъавлъун ва Аллагьасдаса хIинкъуларевлъун вукIине кколев тIабигIат хIакъир гьабулев инсан, бусурбабиян гьезда кин абилеб? Аллагьасул щим бахъун гIорал, лъарал къун хутIиялда щай хIинкъуларел? РакъдалаБ риидал гIадамал цIад гьаризе борхалъуде рахуна, гьениса БетIергьанасухъе нух гIагараб бугеб кинигин. Бачулаго зикругун, гьабулаго дугIагун щивас жидеда сверухъ бугеб лъадал мухъ бацIцIад гьабуни, пайдаги кириги цIикIкIараб букIинаан, Аллагьги нилъедаса разилъилаан.

П. ИБРАГЬИМОВА



*Лъайкьеялъул бутIаялда*



### “Росдал мугIалим”

ГIолохъанаб гIел шагьаразде гочиналда бан, росабалъ мугIалимзабазул къадар цIакъго дагьлъизе гьукъиялъе гIоло нилъер хIукуматалда гIумруялде бахъинабулеб буго «Росдал мугIалим»( “Земский учитель”) абураб проект. Дагъистаналдаги исана кIиабилеб сон буго гьеб проект нухда унеб. Шагьараздаса росабазул школазе хIажат

ккарал мугIалимзаби ритIи буго проекталъул аслияб мурад. Гьелъул шартIлъун ккола, бищун дагьаб щуго соналъ росулъ хIалтIун мугIалим чIей. Гьелъухъ гьесие бихьизабун буго 1 миллион гъурущ гIарацги, вукIа – вахъине рукъги. Нилъер районалъул щуго росдал школалъеги, гьеб проекталъул кумекалдалъун щвана хIажат ккарал мугIалимзаби.

3 ГЬУМ.





### Письма русской учительницы

Уважаемые читатели и коллеги!
Предлагаю вашему вниманию письма русской учительницы, работавшей в далекие 50-60-е года прошлого века в Шамильском районе (тогда Кахибском) в течении 7 лет. В прошлом году она отметила 90-летний юбилей. Ныне живет в городе Краснодаре в добром здравии и твердом уме. Хочет поделиться с нами своими впечатлениями тех лет о нашем горном крае.

3 ГЬУМ.

■ БАРКИЯЛ

### 27 сентябрь - тарбия кьолезул ва школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазул учреждениязул хIалтIухъанасул къо.

Жидерго махщалилаб байрамалда хIалтIулъ лъикIал хIасилалгун дандчIвай гьабулеб буго Шамил районалъул росабалъ ругел ясли-ахазул тарбия кьолезги цогидал хIалтIухъабазги.

РакI-ракIалъ баркула лъималазул идарабазул хIалтIухъабазда байрам – школалда цебесеб лъай ва тарбия кьеялъул хIалтIухъанасул къо. ГIун бачIунеб гIел куцаялъе, гьезие гIамал-тIабигIаталъул берцинаб тарбия кьеялъе бергьун кIудияб бутIа лъолеб буго нужеца.

Гьарула нужее талихI, рохел, гьабулеб ишалъулъ икъбал, тIурайги рекIел мурадал, кьеги халатаб гIумруги щулияб сахлъиги. Биччанте нужееги, нужеца хъулухъ гьабулел, тарбия кьолел ругел лъималазеги кидаго букIине гвангъараб бакъ ва роцIараб зоб.

### 5 октябрь- учителасул къо

ХIурматиял районалъул лъайкьеялъул хIалтIухъаби, ветеранал! РакI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам-учителасул къо. Лъаялъул дунялалде квер ккун лъимал рачунел, лъикIал гIамалал гьесулъ куцалел мугIалимзаби мустахIикъал руго кидагосеб адабалъе, реццалъе ва баркалаялъе. Нужеца тарбия-лъай кьун, гIун рачIуна цIар рагIарал гIалимзаби, рагIи бильарал политикалги, машгьурал тохтурзабиги ва цогидалги махщалилал.

Лъайкьеялъул бутIаялда хIалтIулелщиназда ракI-ракIалъ профессионалияб байрамги баркулаго, гьарула нужее щулияб сахлъи, талихI-рохел, хIалтIулъ цебетIей, бергьенлъи. Биччанте къойидаса къойиде цIикIкIине мугIалимасул кIвар, лъикIлъизе хIалтIул шартIал ва гIемерлъаги нилъер тарбия-лъай бугел цIалдохъаби!

**Районалъул бетIер МухIамад ХIАСАНОВ**

**Лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиев**

Авторасул бокIон

Давуд ДАВУДОВ

## Дир санал-дир бечелъи

«ГIолохъанлъиялда ва херлъиялда гьоркьоб бугеб гIумрудул кьокълъи» -ян рагIани гIолохъабаз кIудияб миллат гьабиларо, амма харабаз балъго магIу къулчIила.

Инсанасул гIумру релълъуна лъагIалида жаниб хис-хисун такрарлъулеб заманалда. Хасел-гIазухъахIаб лъимерлъи, их-гIанчIаб балугълъи, риихIабургъараб гIолохъанлъи, меседил хасалихълъи-гIакъиллъи цIикIкIарал харабал.

1 октябрь ккола дунялалдаго кIодо гьабулеб ригь арал гIадамазул къо. Исана гьеб байрамалъ тIубала 30 сон. Амма гьеб къо букIине бегьуларо, ригь арал ругилан харабазда ракIалде щвезабулеб къолъун. Гьеб буго цойги нухалъ гьел ракIалде щвезарун кIодо гьариялъул, гьезул адаб-хъатир, хIурмат гьабиялъул къо.

Унго-унгояв живго вокьулев инсанас херазе кидаго кумек гьабула. Гьединаб хIаракаталдалъун гьес жиндирго херлъи рещтIин талихIаблъун гьабула. Харабазул гьабулеб адаб-хъатир бихьидал, гьеб гIамал щивасул лъимадулъги бессун букIуна. Лъалеб жо буго якъинго, сверухъ ругездехун бербалагьи лъикIаблъун лъугьуна херазулъ жидерго эбел-эмен рихьулел ругони, щибаб лъимадулъ жиндирго лъимал рихьулел ругони.

Хераздехун Дагъистаналда бугеб хасаб бербалагьи ккола нилъее умумуз кьураб тарбиялъул дарсал. Месединал хасалихълъиго гIадин щибаб хъизам,тухум-кьибил, росаби берцин гьарула ригь арал гIадамаз. Нилъ гьезие киналго налъулаллъунги руго. Хасалихълъиялъ ралел цIадалгицин харабаз гIолохъаназда малъа-хъвай гьабизе, черхалъул бажари гьечIониги хIалае рахъине щунгутIиялъ тIолел магIил гаразда релълъуна. Харабазул гIакъиллъи, гIумрудул цIубай, рекIел хIеренлъи бихьичIел къанагIатги рукIинаро.

Щибаб районалда буго харабазул тIалаб цIуниялъул хъулухъ, щибаб росулъ харабазул совет. Социалияб рахъалъ гIадамазе хъулухъ гьабиялъул Централъул аслияб масъала ккола херал, балагьизе чи гьечIезул тIалаб-агъаз гьаби. Хараби кIодо гьари ккола районалъул ва тIолабго улкаялъул экономика ва рухIияб рахъ цебетIеялълъ, гIун вачIунев инсан куцаялъулъ, цIикIкIараб гIелалъул гIадамаз лъураб кIудияб бутIаялъухъ жамагIаталъго гьезул хIурмат гьабилъун ва гьезул бахIарчиял ишазе баркала кьейлъун.

КIудияб захIмат-гIакъуба бихьун гIуцIана нилъер харабаз гIаммаб магIишат. Гьез бихьулеб захIматалъухъ балагьичIого гьабуна колхозалъул, тылалъул хIалтIи. Жакъа гьезда цIар кинаб лъун батаниги, гьелъул кьучI жакъасел харабазул хIалтIудаги, бихьараб захIматалдаги бухьараб буго. Гьеб кIоченчIого, жидерго захIматалъул бaгьадурзабазул тIалаб-агъаз гьабизе, гьезие хIажатаб кумек гьабизе кIочене бегьуларо нилъеда.

РакI-ракIалъ баркула районалъул харабазда жидерго байрам! Нужер гIумрудул хасалихълъи халалъайги гIемер саназ. Нададда ругел рукIкIалаби цIикIкIин пашманлъизе ккараб жо гуро, гьез хасаб хинлъи кьола сверухъ ругезе. Биччанте, нуж махх гIадин къвакIун чIун рукIине жеги гIемерал соназ лъикIаб сахлъиялда, нужерго хъизанazда ва лъималазда гьоркьор нужеего бокьухъе.

АДМИНИСТРАЦИЯЛЪУЛ ИШАЛ

# Бегавулзабазул данделъи

**24 сентябралда райадминистрациялда тIобитIана иргадулаб росдал бегавулзабазул данделъи. Гьеб нухда бачана районалъул бетIер МухIамад ХIасановас. Данделъиялда гIахьаллъи гьабизе ахIун рукIана районалъул прокурор И. ИсмагIиловги, районазда гьоркьосеб УФНСалъул нухмалъулесул заместитель Р. ГIусмановги.**



ТIоцебесеб иргаялда районалда коронавирус ва пневмания тIибитIи гьукъиялъе гьарулел ругел тадбиразул бицун, районалда бугеб санитариябгун эпидемиологияб ахIвалхIалалъул баян гьабун, росабазул бегавулзабазда бугеб жавабчилъи ракIалде щвезабуна М.ХIасановас.

ЦРБялъул бетIерав тохтурасул заместитель ГIали ХIамзатовас мухIканлъи кьуна гьеб къоялде районалда ругел унтаразул сияхIалъул, рехсана унтул гIаламатал загьирлъарал гIадамал цIикIкIун ругел росаби. Роспотребнадзоралъ цIуна-къаялъе рихьизарун ругел тIалабазда рекъон, хIалтIи мухIканго гьабиялде ахIана нахъойги районалъул бетIерас бегавулзаби.

Планалда рекъон, исанасеб соналъул 3 кварталалъул бетIергьанлъиялъул магъалабазул налъаби тIуразариялъул суал букIана данделъиялъул аслияб суаллъун. Щибаб росдал налогазул налъи тIубаялъе ругел багьанаби рехсана бегавулзабаз. Гьезул суалазе баяналгун жавабал кьуна районалъул прокурор ИсмагIил МухIамадовичас ва УФНСалъул нухмалъулесул заместитель Ражаб ГIалиевичас. БетIергьанлъи гьечIел ракьал рукIине бегьулареблъи бичIчIизабуна гьез. БетIергьанлъи бугелдаса нахъе гьелъул магъало кьейги пачалихъалъул къанунazда рекъон щивасда тIалъула. ЖамагIатазда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIиги гьабун, налогазул идараялъул хIалтIухъабигун бухьеналда, магъалабазул налъаби тIураялде кIвар кьеян лъазабуна районалъул бетIерас бегавулзабазда.

Хадубккун, рагIи кьуна ветеранazул Советалъул председатель МухIамадрасул ГIумарасхIабовасе. Гьес бицана РакIалде щвеязул ва пашманлъиялъул соналде гьарулел ругел тадбиразул ва рехсана гIун бачIунеб гIелалъулъ ВатIаналде рокьи куцаялъулъ кIвар бугеб бутIа лъурал районцоял. Данделъиялда КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялде медаль кьуна Х.МухIамадовасе, И. Ражабовасе, М. Исламовасе, М.ГIумарасхIабовасе. ХIурматиял грамотаби кьуна ГI.ГIабдуламухIамадовасе, ХI.ХIусейновасе, И. ИбрагьимхIалиловасе.

ТI.МУХIАМАДОВ

РАКIАЛДЕЩВЕЯЗУЛ ГЪАНСИТО

# Нужеда лъалищ «НетIегьолъ» заман?

**Рагъида бакъалда гIодой чIарай бераздаса канлъиги босун ункъойилъа сонал арай ГIайшатица «НетIегьолъ» заманги щун буго гьанжейин абуна. АскIор рукIарал ясалъул лъималаз риххун ккун суал кьуна.**



- КIудияй эбел щиб жо кколеб «НетIегьолъ» абураб жо?

Бадиса гирун рачIарал рухIарал магIил гаралги кIазил рагIалалъ рацIцIунаго, щакърахун гьелъ жаваб кьуна:

- Гьеб жо буго, дир лъимал: хурзалги рекьун, гьелги лъилъун гIисинал гIарахал гьарулаан нижеца хурир. ГIархилъ барщизе кколаан тIор. КIигониги моцIалъ гьедин толаан. Хадуб аскIор ругел росабалъа гIагарлъи, гьобол-рукъалъул чиги кумекалъе рачIун кинабго тIорщел баччулаан бугIа жаниб лъезе гьарурал гьоразухъе. Лъимал тIамулаан хурибги нухдаги гIодобе бортараб тIор бищизе, лъие гIемераб щолищали къец букIунаан гьезул.

ТIорщел баччулезул лъилдай бищун кIудияб кьокьа бугоян балагьулаан росулъ. Лъимал рукIунаан гул рехизе хIадурун чIун, бихьиналин абуни гьеб сокIкIунел гьорор жанир рукIунаан. «НетIегьи» биччалеб къо букIунаан цо гьитIи-бикьинаб бертин гIадаб жоялде сверун. Зурма-къалигун цоцо биччалеб умумузул бакъангун рукIунаан росдал рагIалда. Къасиялде щивав чияс жидеего кумекалъе рачIаразе «цIадахъ руссен» гьабулаан. Кинабго свак кIочонаан гьеб мехалда.

Гьеле, дир лъимал, гьанже гIадин машинабаз цIун ролъги цойги къваригIарабги щолароан нижее, цохIо нижерго кверал гьабураб гурони,- ян абун ракI бакъван лъугьана ГIайшат.

Нилъер умумуз гIемераб къоги бихьун, накабиги гIодор чIван рухъун гьарурал хурзалги рекьичIого раккладе тун ругелъул гьанже, гьезда цIаралгицин кIочонел руго цебе гьабулеб букIараб хIалтIул.

Амма, гьаб кинабго кIоченалъе нилъго гурищ гIайибиял ругел «Химия» жубараб гурони нигIмат кваналарин чIарал?

Лъималаз нахъеги суал кьуна:

- Щайха кIудаэбел мун къварилъахъдулей йигей, лъикI гьечIищ гьадин бигьаго бугеб мехалъ?

- Гьу..гьай, дир лъимал,- абун, кIудияб хIухьел биччана ГIайшатица, -БукIана замана гIорцIизегIан кваназе щвеладаян ракIалде ккарабги. Гьал раккладе руссине тарал хурзалги щибго жоялъул гьечIеб къиматги бихьараб мехалъ ракIалде ккола, гьадингIаги хутIаги нилъан. Нижеда бихьараб ракъиги захIмалъиги гьанже бугеб гIелалъ хIехьоларо. Бихьизе хъван батугеги,-янги абун, квералги цере ккун дугIа гьабуна нахъойги ГIайшатица. Амин абизе лъималги тIамуна. Аллагьас къабул гьабейги гьелъул дугIа-гьари. Амин..



М. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВА

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# «Росдал мугIалим»



Дадаева Хадижат Тажудиновна

2019/2020 цIалул соналда Микьигъориб гъоркьохъеб школалде ячIана «Росдал мугIалим» проекталда рекъон ингилис мацIалъул мугIалим Дадаева Хадижат Тажудиновна, Буйнакск районалъул Дурангъи росулъа. 2009 соналъ ДГПУги лъугIизабун, Хадижат хIалтIизе лъугьана жиндирго росдал школалде ва хIалтIана 8 соналъ. Жеги мугIрузул росулъе щвечIей, амма гIемер щвезе бокьилин хьулазда йикIарай Хадижатица тIаса бищун буго нилъер район. Гьелъ бицуна, тIоцее районалде щвараб къо, августалъулаб мугIалимзабазул совещаниялъул къо букIанин. Гьадингоги рахIатхварай гIадан циндаго цIарги ахIун, цееги яхъинаюн кьураб рагIиялъул ва жиндие къваригIел ккаралъуб кумек букIине бугилан цеве вахъун кIалъарав чиясул. «Дида хадуб бицана, гьев районалъул бетIер МухIамад ХIасанов вукIин. Совещаниялдаса хадуб дир ракI гIодой биччана, районалъул бетIер гьадинав, гIаданлъи цIикIкIарав чи вугеб мехалъ, гIадамалги гьасда рекъарал ратила, абурал пикрабиги рачIун» - ян бицана Хадижатица. ГьабсагIат гьелъухъ буго 30 сагIаталъулаб нагрузка ва классное руководство. Хадижат цIакъ рази йиго коллективалдаса ва росдал жамагIаталдаса.



МухIамадов ХIасан Камалодинович

Исана 2020-2021 цIалул соналде нилъер районалде рачIана 4 мугIалим гьебго проекталда рекъон.

Гьоор росулъе математикаялъул мугIалимлъун вачIана МухIамадов ХIасан Камалодинович. Гьес 2019 соналъ лъугIана ДГУялъул математикаялъул факультет. ЦIали лъугIарабго, ХIасаница хIукму гьабуна, жиндирго росдал школалде хIалтIизе вачIине. Гьес анкьида жаниб кьола 28 дарс математикаялъул. ХIасан вачIана росулъе Каспийск шагьаралдаса.



Сайпулаев Салман ХIамзатович

Сайпулаев Салман ХIамзатович, Ракьуб росулъе ингилис мацIалъул мугIалимлъун хIалтIизе вачIана. Гьес лъугIизабуна ДГПУялъул иностранияб факультет 2003 соналъ. Гьеб соналдаса 2018 соналде щвезегIан хIалтIана Гьолокь гьоркьохъеб школалда. Жакъа къоялда 29 сагIатги бачун, хIалтIулев вуго Хасавюрт шагьаралдасаги вачIун Ракьуб гьоркьохъеб школалда. Гьесие бихьизабун буго школалда аскIоб гIумру гьабизе киналго шартIал ругеб рукъги.



ГIизраилов Муслим МухIамадович

ГIизраилов Муслим МухIамадович, КъахIиб гьоркьохъеб школалде МахIачхъалаялдаса вачIарав математикаялъул мугIалим. 2012 соналъ Муслимица лъугIизабуна ДГУялъул физикаялъул факультет. Гьелдаса хадуб гьабуна переквалификация математикаялъул мугIалимлъун. Муслим МухIамадов цевеккун школалда ялъуни батIияб лъайкьеялъул идараялда хIалтIичIо. Гьанже гьес бачунеб буго 22 сагIат ва классное руководство.



МахIмудов МухIамад МухIамаднабиевич

(Хадусеб 4-аб. гьумералда)

■ ПИСЬМА РУССКОЙ УЧИТЕЛЬНИЦЫ

**Александра Ивановна Троицкая проработала в нашем районе несколько лет и побывала в разных селах, работала на разных должностях. И даже уехав из Дагестана хранит эти теплые воспоминания многие годы. Думаю, что ее видение жизни наших людей, детей, учителей, быта и уклада народа будут небезынтересны не только ученикам, но и работникам образования, да и всем тем, кто интересуется вопросами образования и просвещения Дагестана.**

**Газалиев Магомед Газалиевич,**
**директор Андыхской СОШ**
**Шамильского района РД**






Александра Ивановна ТРОИЦКАЯ:

# «Ученики у меня были очень старательные»

*Магомед Газалиевич, день добрый!*

*Я решила поделиться с Вами своими планами. В моем возрасте уже не под силу физические нагрузки, походы и я предаюсь воспоминаниям. Вот хочу вам написать о некоторых эпизодах из времен работы в Дагестане, которые запомнились мне на всю жизнь, а вы, если признаете, что мои воспоминания могут быть на страницах районной газеты, передадите их в редакцию, буду благодарна вам.*

*Я в 1950 году окончила физмат Краснодарского учительского института (право преподавания 5-7 классы) и была направлена в Дагестан, ехала с охотой, влекли горы. Попала в с. Андых Кахибского (Шамильского) района. Первый год был трудным, все новое, необычное, не ладилось с дисциплиной, ведь дети росли без отцов (война), а матерям надо было работать и дом содержать, внимания детям было мало. На второй год меня назначили завучем, все вроде наладилось в работе, я начала изучать аварский разговорный язык. Когда в конце года осмелилась говорить на аварском языке, мне сказали, что так говорят дети 3-4 лет, но я продолжала совершенствовать произношения.*



С заведующим районо Абдурахмановым

*На 3 год работы меня перевели в Н. Батлух, где я проработала завучем и преподавателем 2 года. И вот однажды не пришел на урок учитель подготовительного класса, заменить его некем и я осмелилась пойти на урок, планируя рассказать им сказку «Красная Шапочка» (я только эту сказку знала). Когда я заговорила по аварски, то передо мной были улыбающиеся, но внимательные лица малышей. Мой запас слов был беден, видя мое старание, некоторые дети старались мне помочь, говорили слова, были знакомы с этой сказкой. Урок прошел, я уставшая ушла из класса. Вечером, когда я шла домой, женщины, которые встречались мне, говорили «ай молодец», гладя по плечу. А на другой день директор начал обращение ко мне: «Что ты делала вчера? Весь годекан о тебе говорил».*

*Я поняла, что дети постарались рассказать родителям о моем поступке, значит им было интересно. В Батлухе мы, русские учителя узнали от учеников, что елки на Новый год не принято наряжать. Но, все таки мы решили устроить елку. Едущему в Махачкалу батлухцу дали деньги, он привез нам игрушки, сами вечерами клеили и лепили цепи и др. украшения.*

*Помню, как я ходила на гору за елкой с Абдулбасиром Магомедовым. Он был учителем начальных классов, сыном председателя колхоза.*

*Срубил он елку, принес в школу, и 31 декабря 1952 года мы ее нарядили, поставили возле школы. Погода была солнечная, дети подготовили выступления: пели, читали стихи и физические пирамиды. Самое интересное, что около елки собралось много жителей Батлуха и с интересом наблюдали за концертом.*

*После концерта мы услышали зурну и барабан и танцевать пошли взрослые зрители. Мы, русские, тоже не отставали плясами. Так весело отметили Наступающий 1953 год.*

*После 4 –х лет работы меня перевели в район на должность инспектора. В этот же год в Кахибскую среднюю школу прислали преподавателя математики, окончившего университет. Он сам был из Гуниба, имя его Имран. И вот в октябре месяце я была послана в с. Ругельда в командировку. Но пробыла там 2 дня и меня позвали срочно в Кахиб. Я приехала.. пришла (тогда больше ходили в села). И мне сразу сказал зав.района Абдурахманов: «Имрана призвали в армию, а ты иди в школу, работать будешь вместо него»*

*Я поняла, что моего согласия не требовалось, действительно я только должна работать. И я пошла в школу. Нагрузка 35 часов, 3 десятых класса и 2 девятых.*

*Одновременно училась заочно на 4 курсе университета. Мне много приходилось заниматься, готовиться к урокам.*

*Проработав неделю, я потеряла голос. В селе было только 2 терапевта и зубной врач, лор врача не было. Терапевт сказал, что помолчишь 3-5 дней и пройдет. И вот сижу дома, приходят ученики 10-х классов и просят идти работать меня, обещают идеальную тишину на уроках: «..Шепотом будете говорить - мы услышим. Решения задач, которые надо выполнять, напишите на листах, дайте хорошим ученикам, а они будут объяснять, и писать на доске. Мы все продумали. Нам ведь после школы дальше надо учиться, а мы гуляем».*

*И я пошла, шипела на уроках, ученики мне несли травы сушеные, учили как лечиться, голос мой восстановился.*

*Ученики тех лет очень серьезно, старательно учились, думая о том, что надо иметь специальность.*

*Продолжу в следующем письме. До свидания!*



В командировке в Ругельда

■ ЗИГАРА

## ГІумарова Дайгьанат ГІалилмухІамадовна



Дагьал цере-гІан къоязда Аллагьасул къадаралде щвана махщел камилай медсестра ГІумарова Дайгьанат ГІалилмухІамадовна.

Гьей гьаюна 1944 соналъул 12 октябралда ГЬоор росулъ.

1968 соналъ 2 сонилал медсестрабазул курсал лъугІарай гьей хІалтІана райбольницаялда медсестралъун, 1982 соналда гьей хІалтІизе йитІана ГЬоор ФАПалде. ГІумаровалъ гІемераб хІалтІи гьабуна росдал гІадамазул сахлъи цІунизе.

Сордо-къо батІалъи гьечІого гьей щолаан унтарал ругин ракІани гьезухъе. ЦІакъ кІвар кьолаан лъималазул ва лъимадулъ ругел руччабазул сахлъи цІунизе.

ГІумаровалъул жигараб хІалтІи кІодо гьабуна рикІкІен гІемерал ХІурматалъул грамотабаздалъун. Гьелъие кьун букІана «ДРялъул мустахІикъай сахлъи цІуниялъул хІалтІухъан» абураб хІурматияб цІарги.

Шамил ЦРБялъул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго Дайгьанатил хъизан-рукъалда, гІагарлъиялда ва тІолабго росдада.

Аллагьас алжан насиблъайги гьелъие.

## ГІалибегова Месед Расуловна



Гьал къоязда Аллагьасул къадаралде щвана гІемерал соназ ГЬоор росдал ФАПлъул нухмалъулейлъун хІалтІарай ГІалибегова Месед Расуловна.

Гьей гьаюна 1950 соналъул 12 марталда ГЬоор росулъ. 1972 соналда Каспийскиялъул медучилище лъугІарай Месед Расуловна хІалтІана райбольницаялда операционнияй медсестралъун. 1983 соналдаса нахъе хІалтІулей йикІана ГЬоор ФАПалъул нухмалъулейлъун.

Гьей йикІана унтаразухъ ракІунтун балагьулей гІадан. ГІемераб хІалтІи гьабуна росдал гІадамазул сахлъи цІуниялда хурхун, цІакъ кІвар кьолаан унтаби гьукъиялъе, профпривывкаби гьаризе.

Халатккураб ва жамагІатги нухмалъулелги разияб хІалтІиялъе гІоло гьелъие кьун букІана «Сахлъи цІуниялъул отличник» ва « ДРялъул сахлъи цІуниялъул мустахІикъай хІалтІухъан» абурал цІаралги.

Росдае ва ЦРБялъе камуна махщел камилай тохтурги ракІ лъикІай инсанги.

Шамил ЦРБялъул коллективалъ гьваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго Меседул хъизамалда, гІага-божаразда ва тІолабго росдадаго.

Аллагьас Алжан насиблъайги гьелъие.

**Шамил ЦРБялъул коллектив**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТІАЯЛДА

# «Росдал мугІалим»

**(Байбихьи 3-аб. гьумералда)**

Гьесул рагІабазда рекъон, Муслимие щибго захІмалъи гьечІо ва школалъул коллективалдаса, лъималаздаса росдал жамагІаталдаса гьев рази вуго.

МахІмудов МухІамад МухІамаднабиевич, ХІебда гьоркьохъеб школалде МахІачхъалаялдаса вачІарав физкультураялъул мугІалим. МухІамад цевеккун хІалтІулев вукІана 28 гимназиялда физкультураялъул мугІалимлъун ва спортшколалда тренерлъун. Гьесул стаж буго 5 сон. Росулъе тІад вуссине ракІалдацин гьечІев МухІамадида, гІумруялде бахъинабулеб бугеб проекталъул ва ХІебда гьоркьохъеб школалда мугІалим хІажат вукІиналъулги лъарабго, жиндирго эбел – инсул ХІебда росулъ бугеб минаги цІи гьабизе, хъизан- лъималгун росулъе тІад вуссине хІукму гьабуна. Гьев цІалун вахъана 2014 соналъ ДГПУялъул спортивияб факультеталда. ХІебда гьоркьохъеб школалда гьес бачунеб буго 18 сагІат физкультураялъул.

Гьадинал хайир цІикІкІарал проектаз росабалъе гІолохъанаб гІел тІад буссиналъе квербакъулеб букІин нилъеда бихьулеб буго. ГІолел гьечІо росабалъ мугІалимзаби, хасго инглис мацІалъул, химиялъул, математикаялъул дарсал кьолел. Проекталда рекъон 5 соналъ хІалтІун гурелги, росабалъе унголъунги гІолилазул ракІ цІцІай бачІинабизе хьул буго пачалихъалъул нухмалъулезулги районалъул лъайкьеялъул идарабазулги.

**ГІ. НУРМУХІАМАДОВА**

■ СПОРТ

# Баркула МухІамадкъасумида бергьенлъиги цІарги

*«Бегун ккараб къаркъала,*
*Къо ккани хьадарлъула,*
*Къойидасан цо сагІат*
*Физкультураялъе кье»*

**ЦІ.ХІамзат**



Нилъер районалда цІакъ кІвар кьола спорт цебетІезабиялъе. Райгазета «Цолъи» цІалидал, чанги ратула спорталда чІахІи-чІахІиял бергьенлъаби росарал районцоязул цІарал. Гьединал чІахІиял бергьенлъаби щвезе ккани, гІолеб гІелалъ тІезе ккола гІемераб гІетІ, къваригІуна чорхое сахлъи, жигарчилъи ва къасикъад тІадчІун махщел камил гьаби.




2015 соналдаса нахъе гІужда чІор речІиялда махщел камил гьабиялда тІад чІана ИмангІалиев МухІамадкъасум Сурхаевич. Гьев ккола нилъер районалъул ТІогьохъ росулъа, МахІачхъалаялда гІумру гьабулев вугев бизнесмен. МухІамадкъасум цІакъ гІемер цеве вахъана Дагъистаналда ва Россиялда тІоритІулел къецазулъ, ай чемпионатазда. М.Сурхаевичасе щвана гьел къецазухъ гІемерал шапакъатал ва грамотаби.

Сентябрь моцІалда Рязань шагьаралда чІорбутІ гІужда речІчІиялъул чемпионаталда гьесие кьуна «Мастер спорта Российской Федерации по стрельбе из лука» абураб цІар. Гьебго моцІалда ИмангІалиевас Белгородалда ккуна 3-леб бакІ Россиялъулго чІорбутІ речІчІулезул командабазда гьорлъ.

Гьеб ккола кІвахІ гьечІеб спорталда тІад чІеялъул хІасил. Баркула дуда МухІамадкъасум Сурхаевич гьеб бергьенлъи районцояз, ТІогьохъ сельсоветалде унел росабазул гІолилаз ва дур гьудул-гьалмагъзабаз. Гьарула дуе сахлъи, жеги чІахІиял бергьенлъаби ва икъбал.

**МУХІАМАДНАБИЕВ Заирбег Меселович**
**ТІогьохъ росу**



■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

Утерянный аттестат за номером № 05 АБ 0096412, выданный Гаджиеву Ахмеду Магомедкамиловичу 14.04.1995г.р., об окончании в 2014г. МКОУ «Хебдинская СОШ» Шамильского района РД, считать недействительным.

Утерянный аттестат за номером № Б 2439436, выданный Магомедову Гаджимураду Магомеднабиевичу 23.09.1984г.р., об окончании 9-ти классов в 2001г. МКОУ «Хебдинская СОШ» Шамильского района РД, считать недействительным.


ЦОЛЪИ

БЕТІЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТІУРАЛЕЙ
П.Ш. МухІамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
ГІ. НурмухІамадова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
П.Ибрагьимова
ТІ.МухІамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитІинова,
М. Гьазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГьазимухІамадов.

НАБОР
М. ГьитІиномухІамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГІисаевалъул

Газета гІуцІарал: Муниципалияб гІуцІи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана “Щияб канлъи” ва “БагІараб цІва” абурал цІаразда гьоркь.

Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватІисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-І къватІ, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ.№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХІебда росу
Имам Шамилил къватІ